Bhaibheri re vana

Rikukupai

Jakobho Munyengeri

Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes
Rakafanidzirwa ne: M. Maillot; Lazarus
Rakatorwa na: M. Kerr; Sarah S; Alastair Paterson
Rwakashandurwa na: Tendai Mugova
Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2022 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Mwari akambotumira mwana here kumhuri yenyu? Zvinofadza sei! Isaka naRabheka vakafara zvikuru. Mwari akanga achavapa mapatya.

Vana vakasundana mukati maRabheka. Paakanamata, Mwari akataura kuti vanakomana vake vaviri vachatungamira ndudzi mbiri dzakasiyana-mukuru achashumira muduku. Nguva zhinji, mukuru aitungamirira muduku. Mushure menguva vana vakazvarwa.



Mapatya aya akanga asina kufanana. Esau, mukomana mukuru, akange aine mvere zhinji uye akava muvhimi aigona. Jakobho akanga aine ganda rakanaka uye akada kushanda pamusha. Baba Isaka vakanga vaine rudo kuna Esau. Amai vaida Jakobho.



Rimwe zuva, Esau akanga ava nenzara. Akati kuna Jakobho, "Ndipewo chokudya." Jakobho akati, "Chimbonditengesera udangwe hwako." Esau akanga asina hanya nechitsidzo chaMwari kuna vana vokutanga kuzvarwa. Akabvumirana naJakobho. Naizvozvo, Jakobho akanga achatungamirira mhuri mushure mokunge baba vashayika.

Umwe husiku, Mwari akataura naIsaka. Akati, "Ndini Mwari vababa vako Abhurahama. Ndinewe. Ndicharopafadza dzinza rako." Isaka ainamata Mwari asi Esau mwanakomana wake akaroora vakadzi vaviri verudzi rwamaHeti. Rudzi urwu rwakanga rwusina hanya naMwari.

Isaka akachembera. Akati kuna Esau, "Ndivigire nyama yakanaka ndizokuropafadza." Ropafadzo iyi yakanga iri pakati pababa nemwanakomana wekutanga. Esau akamhanya kunovhima. Asi Rabheka akanzwa zvavakanga vachitaura. Akanga achida kuti Jakobho aropafadzwe.

Rabheka akange aine zano. Akakurumidza kubika chikafu chaidiwa naIsaka, Jakobho achibva apfeka hembe dzaEau nemvere dzemhuka pamaoko zvese nepahuro. Isaka akange asingaoni zvakanaka. Zvichida vaikwanisa kumunyengera.

Jakobho akaendesera Isaka chikafu. Isaka akati, "Inzwi, inzwi raJakobho asi maoko, maoko aEsau." Achinge apedza kudya, Isaka akaropafadza mwana akanga akapfugama pamberi pake.





Jakobho achinge aenda, Esau akauya kuna Isaka akati, "ndauya nechikafu chokudya." Isaka akaziva kuti akanga anyengerwa. Akachema akati, "Handikwanisi kushandura ropafadzo." Moyo waEsau wakazara noruvengo. Akafunga kuuraya Jakobho.

Rabheka akanzwa zvakanga zvataurwa naEsau. Akati kuna Jakobho, "Enda kumba kwasekuru vako kusvika mukoma wako akangawa zvawaita." Isaka akabvuma kuti Jakobho anotsvaga mukadzi pakati pehama dzaamai vake. Jakobho akaenda.

Kuzoti avamanheru, Jakobho akamira kuti arare, ndokutsamira musoro wake padombo. Asi akanga asiri ega. Mwari akataura naye kuhope.




"NDINI MWARI WABABA WAKO ABHURAHAMA naISAKA. NDINEWE. NDICHAKUPA NYIKA INO. NDUDZI DZOSE DZENYIKA DZICHAROPAFADZWA NOKUDA KWAKO." Mwari achinge apedza kutaura, Jakobho akamuka. Akange achitya.

Sekuru vaJakobho Rabhani vakamugamuchira. Jakobho akanga achida Rakeri. Akashandira Rabhani makore manomwe kuti akwanise kuroora Rakeri.

Kuzoti avamanheru, Rabhani akanyengedza Jakobho.

Jakobho haana kufara akati, “Uyu ndiRea kwete Rakeri. Mandinyengera.” Rabhani akati, “Mwanasikana mukuru anofanira kutanga kuroorwa. Chindishandira zvakare makore manomwe kuti ukwanise kuroora Rakeri.” Jakobho akabvuma. Zvichida akarangira nguva yaakanga anyengera Isaka naEsau.





Jakobho akanga aine vanakomana gumi neumwe chete. Makore apfura, Jakobho akafunga kudzokera nemhuri yake kuKenani, kwakanga kuriko kuna vabereki vake.



Asi Esau akanga achida kumuuraya. Jakobho aikwanisa here kuenda ikoko? Rimwe zuva, Mwari akamuudza kuti adzokere. Jakobho, mhuri yake nezvipfuwa zvake vakadzokerea kumusha.



Rwakanga ruri rwendo refu! Esau akauya kuzosangana naJakobho navarume vana mazana mana. Asi haana kuuraya Jakobho.

Esau akamhanyira kundosangana naJakobho, akamumbundikira. Jakobho naEsau vakava shamwari zvakare. Jakobho akanga asvika kumba zvakanaka.



Jakobho Munyengeri

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Mavambo 25-33

“Mazwi enyu anotipa kuchena.”
Mapisarema 119:130


Magumo

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari
Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema.
Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo,
akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye
akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera
kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira
kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera!
Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara
maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu
panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye
nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16